


**KIJAN POU OU TESTE  
MEDIKAMAN OU YO  
ITILIZE BANN TÈS  
FENTANIL**



# Poukisa mwen ta dwe teste medikaman mwen yo pou fentanil?

- Fentanil se yon opiyoyid puisan ki ogmante risk pou fè ovèdòz.
- Yo pi fasil jwenn fentanil nan ewoyin. Li la tou nan kokayin, krak, metanfetamin, ketamin ak konprime ki sòti nan sibstans ki pa medikal.
- Yo pa ka detekte fentanil nan rega, gou, sant ak touche.
- Konnen si medikaman ou planifye pou itilize yo gen fentanil ka diminye risk ou pou fè ovèdòz.



## Kisa bann tès fentanil yo ye?

- Bann tès yo ka di w si medikaman ou yo gen fentanil ladan yo men yo pa ka di w ki kantite fentanil ki genyen oswa ki fòs li.
- Bann tès yo ka anpeche ovèdòz si ou itilize yo kòrèkteman epi ak lòt pratik pou rediksyon risk.



# Kijan mwen ka teste medikaman mwen yo pou fentanil?

Gen twa (3) fason pou teste medikaman ou yo pou fentanil. Chwazi opsyon ki fonksyone pou ou a.

## Etap 1: Chwazi opsyon pa w la.

### Opsyon 1:

- Fonn tout medikaman ou prevwa itilize yo nan dlo nan suiv enstriksyon sa yo nan **Etap 2**.
  - Se fason sa ki pi egzak pou teste medikaman ou yo piske fentanil pa toujou byen melanje. Si ou pa kapab teste medikaman ou yo konsa, eseye **Opsyon 2 oswa 3**.
  - Aprè ou fin teste medikaman ou yo nan fason sa, ou kapab bwè yo, rale yo nan nen ou nan itilize yon aparèy espre pou nen ki pwòp oswa tann pou dlo a evapore pou itilize yo.



### Opsyon 2:

- Byen kraze medikaman ou sou yon sifas ki pwòp.
- Mete medikman kraze yo nan yon ti sachè plastik epi sekwe sachè a pou melanje yo.
- Vide sachè a epi mete medikaman ou yo sou kote. Yon ti kras rès medikaman dwe rete nan sachè a.
- Ajoute dlo nan sachè a nan suiv enstriksyon sa yo nan **Etap 2**.




## Opsyon 3:

- Mete 10 miligram (mg) medikaman ou (ase pou kouvri cheve Abraham Lincoln yo sou yon santim) nan yon vesò pwòp ki sèch.
- Si ou pa kapab teste 10 mg nan medikaman ou yo, mete pou piti kèk grenn nan yon vesò pwòp ki sèch.
- Ajoute dlo nan vesò a nan suiv enstriksyon sa yo nan **Etap 2**.




## Etap 2: Ajoute dlo.

- Ajoute dlo nan medikaman ou yo epi melanje yo.
  - Pou **mèt, MDMA ak ekstazi**, itilize 1 kiyè dlo pou chak 10 mg kristal oswa poud w ap teste.
  - Pou **tout lòt medikaman**, itilize yon mwatye kiyè dlo.



## Etap 3: Itilize bann tès la.

- Mete bann tès la ak pati ki plise a nan dlo a. Kite bann nan absòbe dlo a pandan 15 segonn.
- Retire bann nan nan dlo a epi mete l sou yon sifas ki plat pandan de (2) minit.
- Li rezulta yo (gade "Kisa rezulta tès yo vle di?").



## Konsèy pou teste medikaman ou yo:

- Pa itilize bann tès yo plis pase yon fwa.
- Kraze byen fen **konprime ak tablèt yo**, ajoute dlo nan poud la epi melanje l konplètman. Si ou pa vle teste tout konprime a, fann li an de epi teste yon pòsyon nan mitan an.

## Kisa rezulta tès yo vle di?



- **Tès pozitif:** Nou te detekte fentanil oswa yon opiyoyid sentetik sanblab nan medikaman ou yo. Si ou pa planifye pou itilize fentanil oswa opiyoyid, evite itilize medikaman yo oswa gade seksyon "Ki lòt bagay mwen ka fè pou diminye risk mwen pou fè ovèdòz?" ki dèyè materyèl sa.



- **Tès negatif:** Nou **pa t** detekte fentanil oswa yon opiyoyid sanblab nan medikaman ou yo. Sonje, okenn tès pa 100% egzak epi medikaman ou yo ka toujou gen ladan yo fentanil oswa yon opiyoyid sentetik sanblab.



- **Tès envalid:** Reteste medikaman ou yo nan itilize yon nouvo bann.

# Ki lòt bagay mwen ka fè pou diminye risk mwen pou fè ovèdòz?

- Itilize medikaman yo ak lòt moun epi itilize yo yon moun apre lòt.
- Pran naloksòn (oswa Narcan). Naloksòn se yon medikaman san danje epi fasil pou itilize ki kapab ranvèse efè yon òvèdòz opiyoyid. Rele **311** pou jwenn ki kote pou jwenn naloksòn gratis.
- Anvan ou itilize medikaman, mande yon moun ou fè konfyans pou tcheke w regilyèman.
- Ale dousman nan pran ti kantite.
- Evite melanje medikaman.



Pou jwenn plis enfòmasyon,  
eskane kòd QR la oswa vizite  
**nyc.gov/health/fentanyl**.